



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PWOGRAM LIDÈCHIP SIVIK INIK POU NOUVO AMERIKEN YO NAN ETA NEW YORK

Pwogram Lidèchip Sivik Biwo pou Nouvo Ameriken an pral kreye kominote ki vivan e ki akeyan

Gouvènè Hochul pibliye yon pwoklamasyon pou selebre Semèn Akèy la ak kontribisyon enpòtan nouvo Ameriken yo nan Eta New York

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Pwogram Lidèchip Sivik (Civic Leadership Program) Eta New York la nan kad Semèn Akèy (Welcoming Week) la (9-18 septanm). Pwogram Lidèchip Sivik Eta New York la se yon patenarya ant Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) ork la Welcoming America, yon lidè nasyonal ke yo rekonèt nan enklizyon imigran yo. Pwogram Lidèchip Sivik la se yon pwogram inik ke eta dirije pou ranfòse lidèchip sivik nouvo Ameriken yo atravè Eta New York epi konekte yo ak gouvènman lokal yo, enstitisyon yo ak vwazen yo. Pwogram pilòt sa a pral ofri sesyon atelye fòmasyon lidèchip ak sivik pou nouvo Ameriken ki gen dezi pou yo fè yon enpak pozitif nan kominote yo.

"New York bati sou travay di ak detèminasyon jenerasyon imigran yo, epi nou akeyi tout moun ki vle kòmanse yon nouvo lavi nan eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Lidèchip Sivik Eta New York la - ki inik lan - pral ede nouvo Ameriken yo bati koneksyon solid ak kominote pa yo, bay yo sipò pou ede yo kontribiye nan yon Eta New York k ap pwospere epi inogire pwochè jenerasyon lidè lokal yo."

Gouvènè Hochul te pibliye yon pwoklamasyon ki rekonèt 9-18 septanm 2022 kòm Semèn Akèy nan Eta New York. Pandan Semèn Akèy la, òganizasyon ak kominote yo reyini vwazen tout ki soti nan tout orijin pou konekte ak afime enpòtans lye akeyan ak enklizif yo nan reyalize pwosperite ak apatenans kolektif. Welcoming Week ap dirije pa Welcoming America, yon òganizasyon san bi likratif ki gen ekspètiz nan sipòte lidè lokal yo nan bati angajman sivik solid ak pratik enklizyon pou kominote yo.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Nan New York, nou akeyi moun ki soti toupatou nan mond lan ak bra ouvri paske eta nou an ofri yon sans apatenans ak

enklizivite. Depi kreyasyon li, Biwo pou Nouvo Ameriken yo te ede imigran yo reyisi. Program Lidèchip Sivik Eta New York la prezante yon lòt zouti nou ofri imigran yo kòm yon fason pou yo santi yo alèz ak yon konpreyansyon sou fason gouvènman nou an ak enstitisyon yo fonksyone, pou yo gen yon vwa, epi pou reponn ak bezwen kominote nou yo lè yo konnen resous ki disponib yo. Sa ofri yon chemen pou tout nouvo Ameriken yo pou viv nan yon Eta New York ki entegre nou ka rele lakay nou."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Nouvo inisyativ sa a pa Administrasyon Hochul la epi ki te lanse pa Biwo Nouvo Ameriken yo se yon zouti pwisan pou asire ke kominote imigran nouvo ak sa k ap parèt yo pi byen entegre nan tisi sosyal, ekonomik ak politik nasyon nou an. Bati konpetans lidèchip sivik nan kominote sa yo se kle pou entegrasyon imigran yo. Pwogram Lidèchip Sivik Eta New York la demontre kijan New York kapab dirije nasyon an nan bati kominote solid ki konprann epi ranfòse tradisyon ak enstitisyon demokratik solid nasyon nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Sekretè Deta Rodriguez pou travay kontinyèl yo pou asire yon avni pwospere pou tout moun ki rele New York lakay yo."

Direktè Egzekitif Welcoming America, Rachel Peri, te deklare, "Welcoming America fyè pou l kreye patenarya ak Eta New York pou sipòte investisman inovan ak istorik sa a nan kapasite Nouyòkè yo ki soti nan tout domèn pou kapab sèvi ak dirije nan kominote pa yo. Nou aplodi efò Gouvènè Hochul ap fè pou asire ke plis Nouyòkè - sa ki nouvo ak sa yo ki la depi lontan - ka patisipe nan twal sivik kominote yo rele lakay yo, kèlkeswa kote yo soti."

Manadjè Sèvis Imigran LifeWorks la, Joan Odess, te deklare, "LifeWorks Community Action (Aksyon Kominotè LifeWorks) kontan pou li patisipe nan Pwogram Pilòt Lidèchip Sivik la an patenarya ak Welcoming America. Pwogram Sèvis Imigran nou an ap travay pou akeyi imigran nan zòn nan, kit yo se manm alontèm nan kominote nou an oswa nouvo moun k ap vini yo nan fasilite aksè ak domèn sante, edikasyon, sèvis legal ak sèvis sosyal. Nou espere yon resepsyon antouzyastik nan Pwogram Lidèchip Sivik la pa imigran yo ki se lidè enfòmèl nan zòn nou an epi ki, jiska kounye a, pa janm te gen yon opòtinite pou angaje fòmèlman nan fòmasyon pou ranfòse kalite lidèchip ki deja egziste anndan yo ak plis familiarize tèt yo ak enstitisyon yo ki afekte lavi yo sou yon baz chak jou."

Jacqueline Fan, Direktris Bezwen Espesyal yo nan Pwogram Chinese-American Planning Council (Konsèy Planifikasyon Chinwa-Ameriken) nan Queens, te deklare, "Konsèy Planifikasyon Chinwa-Ameriken yo kontan anpil pou kreye patenarya ak Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la ak Welcoming America nan Pwogram Lidèchip Sivik la pou ranfòse kapasite lidèchip sivik nouvo Ameriken yo atravè lokal Sèvis Kominotè Queens nou an. Nou espere kontinye travay nou pou ekipe imigran Chinwa yo, sitou pou fanmi ki gen bezwen espesyal yo, ogmante vwa yo epi ankouraje angajman yo nan efò sivik nan New York, espesyalman pou rezidan Queens yo, kote mwaye nan rezidan yo se imigran e plis pase mwaye pale yon lang ki pa anglè."

Direktè Egzekitif Jeneral Agri-Business Child Development Ian, Maggie M. Evans, te deklare, "Nou onore pou nou bay tout fanmi ABCD opòtinite edikatif, sèvis sosyal, byennèt, ak sèvis sante. Patenarya se yon eleman entegral ak vital nan siksè ABCD ak plan estratejik yo. Pandan Semèn Akèy sa a epi pou selebre lansman Pwogram Lidèchip Sivik la, se yon plezi pou nou rekonèt enpòtans patenarya ABCD ak Biwo Nouvo Ameriken Eta New York la ak Welcoming America. Nou trè rekonesan avè Gouvènè Hochul pou opòtinite enteresan sa a."

Pwogram Lidèchip Sivik la pral ankouraje kominote akeyan ak enklizif yo nan asire ke imigran ak refijye yo kapab jwenn aksè ak resous lokal yo, yo konekte ak opòtinite pou pataje vwa yo epi patisipe yon fason ki gen sans nan kominote pa yo, epi ak vwazen yo ak enstitisyon pa yo - tout sa a pral kontribye nan yon anviwònman kote nouvo Ameriken yo ka pwospere epi fè pati.

Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la te fè patenarya ak Welcoming America pou devlope yon kourikoulòm pou atelye ki genyen Pwogram Lidèchip Sivik la. Welcoming America ap bay asistans teknik kontinyèl a twa òganizasyon kominotè nan Eta New York ki pral itilize nouvo kourikoulòm lidèchip sivik sa a. Devlopman kourikoulòm Welcoming America sa a, ki reponn a bezwen kominote Eta New York yo, pral yon resous enpòtan pou domèn enklizyon imigran pa sèlman nan eta a, men nan tout peyi a.

Twa òganizasyon kominotè k ap dirije Pwogram Lidèchip Sivik yo se Konsèy Chinese-American Planning Council, Agri-Business Child Development, ak LifeWorks - ajans sa yo pral lanse pilòt la nan twa rejyon diferan Eta New York, alafwa nan zòn rural ak nan vil yo. Ajans sa yo, k ap bay sèvis nan Vil New York, Konte Orange ak Saratoga, pral rekrute patisipan yo epi fasilite sesyon atelye yo k ap itilize nouvo kourikoulòm nan pita nan sezon otòn sa a.

Yo pral fè sansibilizasyon espesyal pou patisipasyon paran ak moun k ap bay swen imigran ki ka gen yon timoun ki gen yon andikap, pou kontribiye nan efò inik Inisyativ June Ramirez ONA a. Sa se yon inisyativ inik nan peyi a ki bati kapasite nan nivo eta a pou sipòte nouvo Ameriken ki gen andikap entelektyèl ak devlopmanal (intellectual and developmental disabilities, I/DD) ak fanmi yo lè yo konekte yo ak resous, enfòmasyon, ak sèvis vital nan Eta New York.

Pwogram Lidèchip Sivik la pral yon modèl atravè nasyon an pou sipòte vwa imigran yo, lidèchip sivik ak entegrasyon, pandan y ap bati sou lòt efò ONA pou ranfòse angajman sivik ak kominotè nan kominote nouvo Ameriken yo.

Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la, ki te fonde an 2012, se premye biwo legal nan peyi a pou sèvis imigran yo. ONA ede tout nouvo Ameriken ki gen aksè epi k ap navige nan plizyè sèvis gratis epi sipòte yo atravè rezò founisè kominotè li a nan tout eta a.

Pou tout imigran ki nan bezwen asistans, oswa pou konekte ak pwogram ONA yo, rele Liy Ijans Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636 9:00am jiska 8:00pm, lendi rive vandredi. Tout apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang.

Pou plis enfòmasyon, vizite <https://dos.ny.gov/office-new-americans> oswa swiv ONA sou Twitter nan @NYSNewAmericans oswa Facebook nan <https://www.facebook.com/NYSNewAmericans>

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418